# XALÍQ DEPUTATLARÍ NÓKIS RAYONLÍQ KEŃESI
## SH E SH I M I

2023 - yil 24 - iyul VI-70-123-13-188-K/23 No'kis rayon hákimligi

**Nókis rayonı 1-sektor baslıǵı Usnatdinov Omirbay Amanbaevichtıń aymaqtı social-ekonomikalıq jaqtan rawajlandırıwda 2023-jıldıń 6 ayı dawamında ámelge asırılǵan jumısları haqqında**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıldıń 26-avgust kúni Qaraqalpaqstan Respublikasına bolǵan saparı dawamında "Qaraqalpaqstan Respublikasın sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha belgilengen Prezident pármanları, qararları hám baǵdarlamalarınıń orınlanıwı hámde jıl juwmaǵına shekem ámelge asırılıwı belgilengen wazıypalar boyınsha xalıq deputatları jergilikli Keńeslerinde sektor basshılarınıń esabatın tıńlaw" boyınsha tapsırmasınan kelip shıǵıp, 1-sektor tárepinen 2023-jıldıń 6 ayı dawamında bir qansha jumıslar ámelge asırıldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 8-avgust kúngi "Aymaqlardıń jedel social-ekonomikalıq rawajlanıwın támiyinlewge baylanıslı tiykarǵı is-ilajlar haqqında"ǵı PQ-3182-sanlı qararına muwapıq, Nókis rayonı 1-sektor aymaǵı boyınsha jámi **2 MPJ** *(Aqterek, Diyxan arna)*, **2 APJ** *(Qırantaw, Taqırkól)* biriktirilgen.

Sektorǵa biriktirilgen aymaqlarda jámi **16 505** xalıq jasaydı.

**-** xojalıqlar sanı **3 272**

**-** shańaraqlar sanı **4 060**

Sonnan: erler **8 022**, hayallar **7 962** quraydı.

Miynet resursları **8,1 mıń** adamǵa tuwra kelip, ekonomikalıq aktiv xalıq sanı **6,2 mıń** puqaranı quraydı, sonnan jumıs penen bánt xalıq sanı **5,4 mıń** puqara, sektor boyınsha jumıssızlıq dárejesi **9,2%** ***(800 adam)***

Aymaqta, **10** mektep, **6** mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi, **1** awıl

shıpakerlik poliklinikası, **1** awıllıq shıpakerlik punkti jumıs alıp barmaqta.

Sektor toparı aǵzaları tárepinen puqaralardan kelip túsken múrájatlerde kóterilgen mashqalalar belgilengen tártipte úyrenip shıǵılıp óz sheshimin tappaqta.

Nókis rayonı 1-sektor aymaǵında puqaralar jıyınlarına máhellebay islew, kámbaǵallıqtı qısqarttırıw hám xalıq bántligin támiyinlew sistemasın engiziw boyınsha hákim járdemshileri, hayal-qızlar belsendileri hám máhálledegi jaslar jetekshileri tayınlandı. Olarǵa jumıs alıp barıwları ushın barlıq qolaylıqlar jaratıldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti aymaqta xalıq menen sáwbet qılıwdıń jańasha sisteması – **"máhállebay"** tiykarında jumıs shólkemlestiriw, usı arqalı xalıqtıń mashqalaların, ótinishlerin sheshiw maqsetinde máhálleniń rawajlaniw rejesin islep shıǵıw hám orınlanıwın támiyinlew, "máhállebay" islew sisteması boyınsha xalıqtıń turmıs sharayatların jaqsılaw hám de bántligin támiynlew, olardaǵı bar mashqalalardı anıqlap, sheshiw boyınsha bir qatar jumıslar ámelge asırıldı.

Atap aytqanda, "Temir dápter", "Hayallar dápteri" hám "Jaslar dápteri"nde bolǵan puqaralardıń sociallıq awhalın jaqsılaw, olardı hár tárepleme qollap-quwatlaw, bántligin támiyinlew maqsetinde bir qatar jumıslar ámelge asırılmaqta.

Nókis rayonı 1-sektor baslıǵınıń aymaqtı kompleks sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha belgilengen Prezident Pármanları, Qararları hám baǵdarlamalarınıń orınlanıwın támiyinlew hámde 2023-jıldıń 6 ayı dawamında ámelge asırılǵan jumıslarınıń esabatın qarap shıǵıp hámde "Jergilikli mámleketlik hákimiyat haqqında"ǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamınıń 21-statyasına muwapıq, Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesi

**SHESHIM ETEDI:**

1. Nókis rayonı 1-sektor baslıǵı O.Usnatdinovtıń aymaqtı kompleks sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha belgilengen Prezident Pármanları, Qararları hám baǵdarlamalarınıń orınlanıwın támiyinlew hámde 2023-jıldıń 6 ayı dawamında ámelge asırılǵan jumıslarınıń esabatı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

2. Nókis rayonın kompleks sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha 1-sektor aymaǵında 2023-jılda ámelge asırılatuǵın is-ilajlar **"Jol kartası"**nda hámde Prezident pármanları, Qararları hám baǵdarlamalarda belgilengen wazıypalardıń belgilengen múddetlerinde tolıq orınlanıwın támiyinlew boyınsha zárúr ilajlar belgilensin.

3. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 26-avgust kúngi Qaraqalpaqstan Respublikasına bolǵan saparında "Qaraqalpaqstan Respublikasın social-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha belgilengen Prezident Pármanları,

Qararları hám bağdarlamalarınıń orınlanıwın támiyinlew hámde jıl juwmağına shekem ámelge asırılıwı tiyis wazıypalar boyınsha Nókis rayonı 1-sektor baslığı (O.Usnatdinov), rayon hákiminiń birinshi orınbasarı (R.Bekimbetov), rayon hákiminiń orınbasarları (S.Urazaliev, B.Sayıpov, A.Zamatdinov, I.Kuwanıshbaev, B.Uzaqbaeva), sektor aǵzaları hám tiyisli taraw basshıları menen birgelikte:

- sektor aymağında sociallıq qorǵawǵa mútáj shańaraqlardı turaqlı túrde úyrenip barıwdı jolǵa qoyıw, sociallıq-ekonomikalıq jaǵdayı qıyınlasqan shańaraqlardı “Temir dápteri”ne dizimge alıw hám olardı sociallıq qollap-quwatlaw boyınsha jumıslardı sistemalı túrde alıp barıw;

- aymaqtı kompleks sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha belgilengen wazıypalardıń sózsiz orınlanıwın támiyinlew hámde 2023-jılda aymaqta ámelge asırılıwı belgilengen investiciyalıq joybarlardıń óz múddetlerinde iske túsiriliwin támiyinlew arqalı jańa jumıs orınların jaratıw, zárúr jaǵdaylarda bul boyınsha respublika dárejesinde sheshiletuǵın mashqalalardı sheshiw sharaların kóriw;

- jumıssız puqaralardı, ásirese hayal-qızlar hám jaslardıń bántligin támiyinlewge hár tárepleme kómeklesiw, bunda isbilermenlik penen shuǵıllanıw niyetinde bolǵan jaslardı qollap-quwatlawǵa ayrıqsha itibar qaratıw;

- jeke isbilermenlik hám kishi biznes subektlerin rawajlandırıw, ásirese túrli xızmetler kórsetiw arqalı ózin-ózi bánt etiw jónelisleriniń abzallıqları boyınsha úgit-násiyatlaw jumısların en jaydırıw;

- aymaqta kóp balalı, turaq jayǵa mútáj hám jasaw sharayatları tómen bolǵan puqaralardı qollap-quwatlaw maqsetinde olardı jańadan qurılıp atırǵan turaq jaylar menen támiyinlew boyınsha zárúr ilajlar belgilew;

- aymaqta infrastrukturanı rawajlandırıw, transport qatnawları, abadanlastırıw hám kóklemzarlastırıw jumıslarındaǵı hámde tabiiy gaz, ishimlik suwı ham elektr tamiynatı tarawlarındaǵı mashqalalardı turaqlı túrde úyrenip barıw hám olardıń sheshiliwi boyınsha anıq maqsetke qaratılǵan ilajlardı belgilew tapsırılsın.

- aymaqta sociallıq qorǵawdıń mánzilliligi, tutınıw bazarında bahalardıń turaqlılıǵı, sociallıq taraw obektleri, eń aldı menen den-sawlıqtı saqlaw, bilimlendiriw, mektepke shekemgi bilimlendiriw hám basqada mákemelerdiń nátiyjeli jumıs islewin támiyinlew boyınsha tásirsheń ilajlar belgilesin;

- aymaqtı jedel ekonomikalıq jaqtan rawajlandırıw, atap aytqanda, olardıń tabiiy, ekonomikalıq hám insan potencialınan nátiyjeli paydalanıw, qurılısı tamamlanbaǵan obektlerden, paydalanılmay atırǵan óndiris obektleri hám jer maydanlarınan aqılǵa muwapıq paydalanıw, zamanagóy bazar infrastrukturasın

shólkemlestiriw hám xızmet kórsetiw, ishki ziyarat turizmin rawajlandırıw, isbilermenlik subektlerine ámeliy járdem kórsetiw hámde jańa jumıs orınların jaratıw boyınsha kompleks ilajlardı ámelge asırsın;

- diyxan xojalıqları, tamarqa ushın ajıratılǵan jerlerden maqsetli paydalanıw, baǵshılıq, sharwashılıq, qusshılıq, balıqshılıq, pal hárreshilik hám basqada xızmet túrlerin rawajlandırıw, fermer xojalıqlarına kómeklesiw boyınsha zárúr ilajlardı belgilesin.

- xalıq arasında, ásirese hayal-qızlar hám jaslar arasında jınayatshılıq, huqıqbuzarlıq hám hár qıylı unamsız jaǵdaylardıń aldın alıw boyınsha is-ilajlardı ámelge asırsın;

- Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 31-avgust kúngi "Qaraqalpaqstan Respublikasında isbilermenlik, innovaciyalıq texnologiyalar hám infrastrukturalardı jedel pátlerde rawajlandırıw arqalı xalıqtıń abadanlıǵın arttırıwdıń qosımsha is-ilajları haqqında"ǵı PP-213-sanlı Pármanınıń mazmunı hám áhmiyeti haqqında xalıq arasında úgit-násiyat jumısların alıp barıw hám Pármanda belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın támiyinlewge qaratılǵan ilajlardı belgilesin;

4. Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesiniń turaqlı komissiyalarına, rayonlıq Keńes deputalarına sektorlar tárepinen aymaqlarda kompleks sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha belgilengen Prezident Pármanları, Qararları hám baǵdarlamalarınıń orınlanıwın támiyinlew hámde jıl juwmaǵına shekem ámelge asırılıwı tiyis wazıypalardıń izbe-iz hám óz waqtında orınlanıwı ústinen turaqlı túrde deputatlıq hám jámiyetshilik qadaǵalawın alıp barsın.

5. Nókis rayonı hákimligi málimleme xızmeti (A.Paxratdinov)ne sektorlar tárepinen belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı boyınsha alıp barılıp atırǵan jumıslardıń barısın ǵalaba xabar quralларında hám sociallıq tarmaqlarda keń túrde jarıtıp barılıwın támiyinlesin.

6. Sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesiniń turaqlı komissiyalarına hám Nókis rayonı sektor basshılarına júklensin.

**Hákim** **О.Уснатдинов**